



Pou Piblikasyon Imedya: 19/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PERYÒD APLIKASYON OUVRI KOUNYE A POU NOUVO KREDI TAKS POU LÈ SIPLEMANÈ KI RANBOUSAB POU ANPLWAYÈ AGRIKÒL YO**

***Fèmme ki elijib yo ka aplike kounye a pou ranbousman pou lè siplemantè yo peye depi 1e janvye 2024***

***Kredi pou Lè Siplemantè pou Anplwayè Agrikòl yo fè pati plan Gouvènè a pou sipòte travayè agrikòl yo ak pwodiksyon manje***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke anplwayè agrikòl ki elijib yo kapab kounye a aplike nan Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) pou yon sètifika pèman davans pou yo ka resevwa ranbousman nan men Depatman Fiskalite ak Finans (Department of Taxation and Finance, DTF) pou lè siplemantè elijib yo peye pou anplwaye yo depi 1e janvye, 2024. Kredi pou Lè Siplemantè pou Anplwayè Agrikòl (Farm Employer Overtime Credit) sa a se yon pati nan plan Gouvènè Hochul pou sipòte fèmme New York yo atravè yon seri nouvo kredi taks ki ogmante ak lòt inisyativ epi li ede asire patwon agrikòl yo ka kontinye sipòte travayè yo pandan y ap diminye fado taks yo.

"Sipòte fèmme ak travayè agrikòl New York yo, ki esansyèl pou kenbe Eta New York ap fonksyone, se yon priyorite kle pou administrasyon mwen an - epi nouvo Kredi pou Lè Siplemantè pou Anplwayè Agrikòl nou an se youn nan anpil gwo inisyativ ki vize pou ede soulaje defi ogmantasyon depans yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje tout biznis agrikòl ki elijib yo pou yo aprann plis sou pwogram sa a epi pou yo aplike pou ranbousman pou nou kapab redwi fado taks yo pandan n ap ede yo kontinye sipòte anplwaye k ap travay di yo."

Kredi pou Lè Siplemantè pou Anplwayè Agrikòl la se yon kredi taks ranbousab ki disponib pou anplwayè agrikòl ki elijib ki peye salè pou lè siplemantè apre 1e janvye 2024, dapre entwodiksyon pwogresif sèy lè siplemantè nan Eta New York la. Apati kounye a, anplwayè fèm ki anrejistre nan nouvo pòtay sou entènèt la nan [taxcredit.agriculture.ny.gov](https://taxcredit.agriculture.ny.gov) kapab antre enfòmasyon sou travay siplemantè anplwaye ki kalifye yo epi soumèt aplikasyon yo bay Depatman Agrikilti ak Mache (AGM) a pou yon sètifika pèman davans lè siplemantè elijib ki peye ant 1e janvye ak dat aplikasyon pa yo.

Fèmnye yo ka tann jiska mwa Out pou aplike pou ranbousman pou tout peryòd 1ye janvye jiska 31 jiyè a, oswa yo ka chwazi tann jiskaske yo ranpli deklarasyon taks yo pou yo resevwa kredi a. Ant peman davans ak mwa yo reklame sou retounen yo, anplwayè fèm ki elijib yo pral resevwa yon 12 mwa konplè Kredi pou Lè Siplemanchè pou Anplwayè Agrikòl la. Yon gid itilizatè pou ede fèmnye yo nan pwosesis aplikasyon an disponib nan [agriculture.ny.gov/user-guide-farm-employer-overtime-credit-advance](http://agriculture.ny.gov/user-guide-farm-employer-overtime-credit-advance).

Aplikasyon pou yon sètifika peman davans dwe soumèt bay AGM disi 30 septanm. Apre revizyon kalifikasyon an, AGM pral bay chak anplwayè agrikòl yon sètifika peman davans. Avèk yon sètifika peman davans, pwopriyetè kiltivatè, patnè oswa moun ki gen enterè ki apwouve yo kapab answit mande yon pòsyon nan peman davans nan Depatman Fiskalte ak Finans (DTF) lan. Chak pwopriyetè, patnè oswa aksyonè fèm ki vle resevwa pòsyon pa yo nan avans kredi a dwe aplike endividyèlman. Ou dwe fè demann sa a pa pita pase 1e novanm, lè sèvi avèk [sèvis sou entènèt](http://sevis.sou.entènèt) nan sit entènèt DTF la.

Fèmnye yo ka aplike pou kredi ranbousab sa a si yo (oswa biznis yo):

- se yon [fèmnye ki elijib](http://fèmnye.ki.elijib); ak
- yo anplwaye travè agrikòl ki kalifye ke yo te peye lè siplemanchè ki elijib yo.

Nan kòmansman ane sa a, Eta a [te ankouraje fèmnye yo pou prepare yo pou aplike](http://te.ankouraje.fèmnye.yo.pou.prepare.yo.pou.aplike) nan franchi etap sa yo:

- Asire ke yo anrejistre pou yon [ID NY.gov atravè My.NY.gov](http://ID.NY.gov.atravè.My.NY.gov).
- Pran [evalyasyon pou kalifikasyon anplwayè agrikòl la](http://evalyasyon.pou.kalifikasyon.anplwayè.agrikòl.la) pou detèmine si yo (anplwayè agrikòl la) prevwa satisfè kondisyon revni kiltivatè elijib yo pou kalite taks yo ranpli nan fen ane fiskal la.
- Diskite sou pwogram nan ak konseye taks ak pewòl yo pou asire yo kenbe dosye ki nesèsè yo pandan peryòd 1e janvye – 31 jiyè ane sa a.
- Anrejistre fèm yo nan pòtay sou entènèt la nan [taxcredit.agriculture.ny.gov](http://taxcredit.agriculture.ny.gov).
- Fakiltativman, chwazi pou delege otorite nan yon reprezantan (pa egzanp, yon moun k ap prepare taks), ki ka ranpli epi soumèt aplikasyon an nan non anplwayè agrikòl la nan fen ane a.

Gen lòt enfòmasyon ak resous ki disponib sou sitwèb AGM lan nan [agriculture.ny.gov/OTAdvance](http://agriculture.ny.gov/OTAdvance) ak sit entènèt DTF nan [tax.ny.gov/pit/credits/farm-employer-overtime-credit.htm](http://tax.ny.gov/pit/credits/farm-employer-overtime-credit.htm). Yo ka voye kesyon yo nan [farmOTAdvance@agriculture.ny.gov](mailto:farmOTAdvance@agriculture.ny.gov) oswa [\(518\) 457-7076](tel:(518)457-7076).

**Komisè Agrikilti Eta New York la, Richard A. Ball, te deklare,** "Nouvo pwogram Kredi pou Lè Siplemanchè pou Anplwayè Agrikòl sa a pral ede asire ke biznis fèm nou yo gen resous yo bezwen pou sipòte mendèv yo pandan y ap atenn objektif pwodiksyon

manje pa yo. Mwen ankouraje fèmnye ki kalifye yo pou yo aprann plis sou pwogram nan epi aplike pou ranbousman pou premye mwatye ane 2024 la apati jodi a."

**Komisè pa Enterim Depatman Fiskalite ak Finans Eta New York la, Amanda Hiller, te deklare,** "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, plizyè ajans eta ap travay di pou adrese defi kiltivatè New York yo ap rankontre yo. Nouvo kredi taks siplemantè sa a ka bay yon gwo soulajman finansye pou fèmnye ki fè fas ak gwo depans travay yo. Mwen ankouraje kiltivatè yo pou yo tcheke egzijans elijiblite yo epi pou yo konsidere aplike."

**Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare,** "Pandan plizyè deseni, kiltivatè New York yo te goumen kont van kontrè nasyonal yo, souvan mete biznis yo nan yon dezavantaj konpetitif san fòt pa yo. Kenbe fèm nou yo an biznis esansyèl pou asire aksè ak manje lokal yo pa tonbe nan Eta New York, se poutèt sa nou te goumen pou kreye Kredi pou Lè Siplemantè pou Anplwayè Agrikòl pou kouvri depans lè siplemantè pou anplwayè agrikòl yo. Nou pran angajman pou vèse lajan sa a nan men fèmnye New York yo, epi nou ankouraje tout fèm ki elijib pou aplike pou sibvansyon lè siplemantè nou te garanti pou yo."

**Manm Asanble Donna Lupardo te deklare,** "Mwen ankouraje manm kominote agrikòl nou an pou aplike pou nouvo kredi taks ranbousab pou lè siplemantè a. Nou te travay di pou jwenn yon fason pou diminye enpak ogmantasyon salè siplemantè yo sou operatè agrikòl New York yo. Mwen espere patwon sa yo pral pwofite tout resous ak asistans ki disponib pou ede yo atravè pwosesis la."

Gouvènè Hochul te kreye Kredi pou Lè Siplemantè pou Anplwayè Agrikòl la kòm yon pati nan [angajman Eta Leta 2022 a](#) pou ede fèmnye yo fè fas ak defi depans travay agrikòl yo, ki se pami depans ki ogmante pi rapid nan pwodiksyon agrikòl la nan New York. Plan te kreye yon kredi enpo ranbousab pèmanan sou lè siplemantè yo pou nenpòt gwosè fèm lan nan Eta New York, pou konpanse ogmantasyon kou pou agrikiltè yo. Anplis de sa, Gouvènè Hochul te ogmante yon kredi enpo sou mendèv ki egziste deja epi li te elaji yon [kredi taks sou investisman](#) pou ekipman pou konplete mendèv la ak rezoud mank yo.

Ane sa a, [Diskou Eta Leta Gouvènè Hochul an 2024 la te gen ladan](#) plizyè pwopozisyon ak investisman enpòtan pou ranfòse endistri agrikòl la epi ankouraje yon avni ki pi rezistan pou sektè agrikilti, manje, ak forè nou yo. Inisyativ yo pral bay yon ogmantasyon nan endistri letye ak agrikòl New York la, devlope pwogram devlopman mendèv, epi ogmante lidèchip ak opòtinite edikasyon pou jèn yo. Aprann plis sou [governor.ny.gov/news/governor-hochul-announces-significant-investments-new-yorks-agricultural-industry-part-fy-2025](https://governor.ny.gov/news/governor-hochul-announces-significant-investments-new-yorks-agricultural-industry-part-fy-2025).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)